



Re-ouvèti New York



Rekòmasyon pou Patwon ak Anplwaye nan Agrikilti ki Pa Alimantè

Rekòmasyon sa yo valab pou tout aktivite agrikilti ki pa alimantè nan rejyon nan New York ki resevwa otorizasyon [re-ouvè](#), epitou aktivite agrikilti ki pa alimantè toupatou nan eta a ki te gen otorizasyon anvan sa pou yo fonksyone kòm esansyèl.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis agrikòl yo dwe rete okouran tout chanjman nan egzijans eta ak federal yo ki gen pou wè avèk aktivite agrikòl ki pa alimantè epi fè chanjman sa yo antre nan fonksyonman yo. Rekòmasyon sa yo pa fèt pou ranplase ankenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta, ak federal aplikab ki te la deja.

Obligatwa

Distans Fizik

- ✓ Dwe gen yon distans 6 pye ant manm pèsònèl la, sòf si sekirite oswa fonksyon prensipal aktivite travay la egzije yon distans pi kout.
- ✓ Depi manm pèsònèl la gen mwens pase 6 pye ki separe yo, manm pèsònèl la dwe mete kachnen akseptab.
- ✓ Pou tout travay k ap fèt andedan, prezans mendèv la pa dwe depase 50% kantite moun maksimòm yon zòn kapab pran dapre sètifika okipasyon an, sipèvizè pa konte nan kalkil sa a, sòf si yon enstalasyon egzije plis anplwaye pou egzekite fonksyon prensipal yo san danje (paregzanp atelye reparasyon ekipman, zòn depo ak peman) epi yo mete sou pye lòt metòd rediksyon risk (paregzanp figi toujou kouvri)
- ✓ Ti espas yo (paregzanp asansè, mont-chaj) dwe gen yon sèl moun ladan yo sèlman alafwa, sòf si tout moun yo kouvri figi yo. Si gen plis pase yon sèl moun, dwe gen mwens pase 50% kapasite maksimòm nan.
- ✓ Limite rasanbleman an pèsòn ki pa esansyèl leplis posib.
- ✓ Ekspozisyon chwal ak lòt zannimo ki pou vann/elvaj, lesan, ak lokasyon chwal pou monte dwe fèt nan yon teren oswa zòn deyò, sou randevou sèlman, epi avèk respè yon distans sosyal 6 pye estrik ant kliyan yo ak anplwaye yo.

Pi bon Pratik yo Rekòmande yo

- ✓ Kreye plis espas pou anplwaye yo gras a limitasyon prezans an pèsòn nan a pèsònèl ki nesèsè pou travay k ap fèt kounye a sèlman, ajisteman nan orè travay yo, espasman lè arive/depa yo, kreyasyon ekip A/B, ak/oswa pwogramasyon yon sèl ekip sèlman nan yon zòn alafwa.
- ✓ Redui sikilasyon apye nan de sans avèk panno ki gen flèch nan reyon, koulwa, oswa espas ki jis yo.
- ✓ Chanje itilizasyon espas travay yo ak zòn pou anplwaye yo chita ak/oswa mete restriksyon sou kantite yo pou kenbe distans 6 pye a epi evite pou gen plizyè ekip k ap travay nan yon menm zòn.
- ✓ Si sa pa posib, bay kachnen epi egzije itilizasyon yo oswa mete baryè fizik (paregzanp mi plastik), konfòmman ak [rekòmasyon OSHA yo](#), kote yo p ap jennen ni sikilasyon lè, ni chofaj, ni refwadisman, ni ayerasyon.
- ✓ Anvizaje lòt apwòch pou fasilite vant dirèk pwodui agrikòl ki pa alimantè. Pami lòt opsyon yo gen kòmand sou entènèt, oswa lòt solisyon acha ki kreyatif, avèk pase pran nan pakin pepinyè a.
- ✓ Tout sèvis ki egzije estalasyon, plasman etikèt, relve, ak rekòlt fèt sou randevou sèlman epi avèk kontak minimòm avèk kliyan an.
- ✓ Fè lavant deyò, avèk distans sosyal 6 pye estrik ant kliyan yo ak anplwaye yo. Kliyan yo pa gen dwa pase yon bann tan bò tab yo oswa bò plant ki ekspoze yo.
- ✓ Sèvi avèk konferans pa telefòn oswa pa videyo depi sa posib. Rasanbleman an pèsòn ki esansyèl yo (paregzanp reyinyon) dwe fèt nan espas ouvè, byen ayere avèk bonjan distans sosyal ant patisipan yo.
- ✓ Make distans sosyal la avèk tep oswa panno ki montre 6 pye espas nan zòn ki sèvi souvan yo ak lòt zòn kote sa nesèsè nan lokal la (paregzanp pòs pou anrejistre arive/depa, pòs evalyasyon medikal).

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York

Rekòmasyon pou Patwon ak Anplwaye nan Agrikilti ki Pa Alimantè



Rekòmasyon sa yo valab pou tout aktivite agrikilti ki pa alimantè nan rejyon nan New York ki resevwa otorizasyon re-ouvè, epitou aktivite agrikilti ki pa alimantè toupatou nan eta a ki te gen otorizasyon anvan sa pou yo fonksyone kòm esansyèl.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis agrikòl yo dwe rete okouran tout chanjman nan egzijans eta ak federal yo ki gen pou wè avèk aktivite agrikòl ki pa alimantè epi fè chanjman sa yo antre nan fonksyonman yo. Rekòmasyon sa yo pa fèt pou ranplase ankenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta, ak federal aplikab ki te la deja.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
Distans Fizik (kontinye)	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Etabli zòn ki deziyen pou pase pran ak livrezon, avèk lemwens kontak posib. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Entèdi vizitè ki pa esansyèl sou plas.
Ekipman Pwoteksyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Patwon yo dwe bay anplwaye yo kachnen akseptab gratis pou anplwaye a epi yo dwe gen kont rezèv kachnen pou sizoka yo ta bezwen ranplase. ✓ Pami bagay ki akseptab yo pou kouvri figi genyen, pami lòt, twal (paregzanp bandana ki koupe ak koud lakay) ak mask chirijikal, sòf si nati travay la egzije PPE pi estrik (paregzanp respiratè N95, ekran pou figi). ✓ Yo dwe netwaye oswa ranplase bagay pou kouvri figi yo lè yo fin sèvi oswa lè yo donmaje oswa sal, plis pase yon sèl moun pa ka sèvi avèk yo, epi yo dwe konsève yo kòm sadwa oswa jete yo. ✓ Evite pou plizyè moun sèvi avèk menm bagay la (paregzanp zouti, aparèy, veyikil) epi dekouraje manyen sifas lòt moun manyen; oswa, lè w an kontak avèk bagay lòt moun manyen oswa zòn moun manyen souvan, mete gan (ki apwopriye pou travay la oswa medikal); oswa, dezenfekte oswa lave men w anvan ak apre kontak la. 	
Ijyèn, Netwayaj ak Itilizasyon Dezenfektan	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Respekte egzijans sou ijyèn ak itilizasyon dezenfektan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak Depatman Sante a (Department of Health, DOH) epi kenbe rejis sou plas ki dokimante dat, lè, ak etandi netwayaj la. ✓ Bay ak kenbe pòs ijyèn men pou pèsonèl la, sa gen ladan pou lave men avèk savon, dlo, ak sèvyèt papyè, epitou dezenfektan pou men a baz alkòl ki gen omwen 60% alkòl ladan pou zòn kote lave men pa posib. ✓ Bay founiti pou netwaye ak dezenfekte apwopriye epi ankouraje anplwaye yo pou yo sèvi avèk founiti sa yo anvan ak apre itilizasyon sifas plizyè moun manyen ak sa moun manyen souvan, epi pou yo pratike ijyèn men apre sa. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Depi sa posib, ogmante sikilasyon lè ki sot deyò (paregzanp ouvè fenèt ak pòt) men kenbe prekosyon sekirite yo. ✓ Ankouraje anplwaye yo pote manje sòti lakay yo epi rezève kont espas pou anplwaye yo respekte distans sosyal pandan y ap manje.

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York



Rekòmasyon pou Patwon ak Anplwaye nan Agrikilti ki Pa Alimantè

Rekòmasyon sa yo valab pou tout aktivite agrikilti ki pa alimantè nan rejyon nan New York ki resevwa otorizasyon [re-ouvè](#), epitou aktivite agrikilti ki pa alimantè toupatou nan eta a ki te gen otorizasyon anvan sa pou yo fonksyone kòm esansyèl.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis agrikòl yo dwe rete okouran tout chanjman nan egzijans eta ak federal yo ki gen pou wè avèk aktivite agrikòl ki pa alimantè epi fè chanjman sa yo antre nan fonksyonman yo. Rekòmasyon sa yo pa fèt pou ranplase ankenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta, ak federal aplikab ki te la deja.

Obligatwa

Pi bon Pratik yo Rekòmande yo

Ijyèn, Netwayaj ak Itilizasyon Dezenfektan (kontinye)

- ✓ Netwaye ak dezenfekte regilyèman omwen apre chak woulman travay, chak jou, oswa pi souvan si sa nesèsè, epi netwaye ak dezenfekte pi souvan bagay ak sifas plizyè moun manyen (paregzanp zouti, aparèy, tablo kòmman, klavye), epitou zòn ki gen anpil sikilasyon, tankou twalèt ak espas komen, avèk [pwodui](#) Depatman Pwoteksyon Anviwònman an (Department of Environmental Conservation, DEC) ke Ajans Pwoteksyon Anviwònman an (Environmental Protection Agency, EPA) idantifye kòm kwa yo bay rezilta kont COVID 19.
- ✓ Si pwodui netwayaj oswa dezenfektan yo oswa aksyon netwaye ak dezenfekte a lakòz danje oswa degrade materyo yo oswa aparèy yo, pèsònèl la dwe kapab jwenn yon pòs ijyèn men apre chak itilizasyon ak/oswa yo dwe ba li gan dispozab.
- ✓ Entèdi pou moun separe manje/bwason (paregzanp bifè).

Kominikasyon

- ✓ Afime ou li ak konprann rekòmasyon pou endistri an eta a pibliye yo, epi ou pral aplike yo.
- ✓ Mete panno toupatou nan lokal la pou fè pèsònèl la sonje pou li respekte bonjan ijyèn, règ distans sosyal yo, bonjan itilizasyon PPE, ak pwotokòl pou netwaye ak dezenfekte yo.
- ✓ Afiche plan sekirite konplè yon kote ki fasil pou wè nan lokal la.

- ✓ Etabli yon plan kominikasyon pou anplwaye, vizitè, ak kliyan yo ak mwayen pou bay dènye enfòmasyon yo.



Re-ouvèti New York

Rekòmasyon pou Patwon ak Anplwaye nan Agrikilti ki Pa Alimantè



Rekòmasyon sa yo valab pou tout aktivite agrikilti ki pa alimantè nan rejyon nan New York ki resevwa otorizasyon [re-ouvè](#), epitou aktivite agrikilti ki pa alimantè toupatou nan eta a ki te gen otorizasyon anvan sa pou yo fonksyone kòm esansyèl.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis agrikòl yo dwe rete okouran tout chanjman nan egzijans eta ak federal yo ki gen pou wè avèk aktivite agrikòl ki pa alimantè epi fè chanjman sa yo antre nan fonksyonman yo. Rekòmasyon sa yo pa fèt pou ranplase ankenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta, ak federal aplikab ki te la deja.

Obligatwa

Depistaj

- ✓ Fòmè tout pèsònèl la sou nouvo pwotokòl yo e kominike konsèy sekirite yo souvan.
- ✓ Anplwaye ki malad yo ta dwe rete lakay yo oswa retounen lakay si yo tonbe malad nan travay la.
- ✓ Fè evalyasyon sante obligatwa (paregzanp kesyon, kontwòl tanperati) pou anplwaye yo k ap poze kesyon sou (1) [sentòm](#) COVID-19 pandan 14 dènye jou yo, (2) tès COVID-19 pozitif nan 14 dènye jou yo , ak/oswa (3) kontak sere oswa rapwoche avèk yon ka COVID-19 yo konfime oswa sispèk pandan 14 dènye jou yo.
- ✓ Yo pa dwe kite yon anplwaye ki gen depistaj sentòm COVID-19 pozitif antre nan lokal la epi yo dwe voye li lakay li avèk enstriksyon pou l kontakte pwofesyonèl medikal li pou evalyasyon ak tès.
- ✓ Mete depatman sante eta ak lokal yo okouran ka pozitif konfime touswit epi bay moun nan enfòmasyon sou resous medikal ak tès.
- ✓ Dwe gen yon plan pou netwaye, dezenfekte, ak retrase kontak si gen yon ka pozitif.
- ✓ Egzaminen tout repons depistaj yo chak jou epi kenbe yon dosye sou egzamen sa a. Idantifye yon kontak kòm pati pou moun yo mete okouran si pi ta yo gen sentòm ki gen pou wè ak COVID-19, jan sa ekri nan kesyonè a.

Pi bon Pratik yo Rekòmande yo

- ✓ Fè depistaj a distans (paregzanp nan telefòn oswa pa kesyonè elektwonik), anvan moun yo rive, nan mezi sa posib.
- ✓ Kenbe yon rejis tout anplwaye, sa gen ladan travayè ak vizitè, ki te gen dwa gen kontak sere oswa rapwoche avèk lòt moun nan lye oswa zòn travay la; kliyan pa ladan; epi livrezon ki fèt avèk bonjan PPE oswa pa mwayen san kontak pa ladan.
- ✓ Moun k ap fè evalyasyon sou plas yo dwe jwenn fòmasyon nan men moun patwon an idantifye ki konn pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA yo byen epi mete bonjan PPE, sa gen ladan ominimòm, bagay pou kouvri figi yo.
- ✓ Gade [rekòmasyon](#) DOH yo sou pwotokòl ak politik yo pou anplwaye k ap chèche retounen nan travay apre yon ka COVID-19 yo sispèk oswa konfime oswa apre anplwaye a te gen kontak sere oswa rapwoche avèk yon moun ki gen COVID 19.